

Tantri Basa

NAMA:



Ngidhidentifikasi Titikane Teks Informasi

1. Saben jinis teks informasi nduweni *ciri-ciri* utawa titikan mligi. Bisa katitik saka informasi sing diandharake uga bisa saka basa kang digunakake.

Titikane teks Informasi:

a. Teks pawarta

1. Ngandharake fakta
2. Kamomot ana ing media cetak utawa elektronik
3. Isine pawarta sing lagi dadi bahan omongane masyarakat. Tuladhane kaya teks 1 ing dhuwur "Banjir Bandhang lan Longsor Trenggalek"

b. Teks Persuasi

Teks persuasif yaiku karangan sing isine ngajak utawa narik kawigatene, mangaribawani, lan ngyakinake sing maca. Wujud gancaran, isine bisa ngajak, ngelingake, mamerake, nawakake.

c. Sesanti/ Slogan

Slogan isine ngajak lan ngelingake.

Teks 3 : Sesanti/ Slogan

Negeri sawit, nandur satus bibit!



d. Pariwara/Iklan

Iklan kanggo mamerake lan ngajak supaya dideleng, dituku, lan digunakake. Tuladhane slogan, kayata: visi misi sekolah, visi misi instansi/perusahaan, partai politik, lan sapanunggalane. Iklan, tuladhane kaya: iklan sabun, iklan *handpone*, iklan panganan, lan sapanunggalane

Teks 4: Pariwara/Iklan

Sabun deterjen rakyat, ramah lingkungan



A. Sakwise bocah-bocah ngerti titikane utawa ciri-cirine teks informasi, wenehana tandha cethang ing papan isen-isen sing cocok karo teks informasi!

No.	Pranyatan	Teks informasi			
		Pawarta	Persuasi	Sesanti /slogan	Pariwara / iklan
1	Isine:				
	prastawa nyata				
	ajakan				
	pamer				
	ndayani				
2	ngelingake				
	Wujude:				
	paragraf-paragraf				
	ukara				

B. Sawise bocah-bocah ngerti bedane teks informasi, wenehana tanda centhang ing papan isen-isen sing cocok!

No.	Ukara	Teks informasi			
		Pawarta	Persuasi	Sesanti/ slogan	Pariwara / iklan
1.	Sapa nandur bakal ngundhuh.				
2.	Banjir bandhang nrajang, nuwuhake korban jiwa.				
3	Banyu resik, sumber panguripan, openana!				
4	Ayo tandang, njaga lestarine alam.				